

YON GID POU PARAN KONSÈNAN 'NOVEL CORONAVIRUS (COVID-19)'



Akoz enkyetid ki ap ogmante nan kominote a sou epidemi '2019 Novel Coronavirus (COVID-19)', Lekòl Leta Miami-Dade County devlope gid sa a pou paran/gadyen gen enfòmasyon kòrèk konsènan sa viris la ye, kòman pou pwoteje tèt ou ak pitit ou, e kisa pou fè si w sispèk ta gen yon ka.

'COVID-19' se yon nouvo viris respiratwa ki soti nan Wuhan, Provans Hubel nan peyi Lachin. "Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ap suiv li depre.

Ka maladi 'COVID-19' yo rapòte yo soti nan moun ki enfekte avèk kèk sentòm oubyen ki pa gen okenn sentòm rive nan moun ki maladi grav e ki ap mouri. Ofisyèl sante piblik yo pa klè sou kòman 'COVID-19' a pwopaje de yon moun a yon lòt.

Kisa sentòm flu yo ye?

Sentòm flu yo ka gen ladan tous, gòj fè mal, fyèv, nen koule oubyen bouche, kò fè mal, tèt fè mal, frison, fatig e ka gen ladan yo tou vomisman ak dyare. Li posib pou kèk moun ki gen flu a pa gen tout sentòm sa yo.

E si pitit mwen genyen sentòm sa yo?

- Ou ta dwe kontakte doktè ou imedyatman. Pa tann pou sentòm yo vin pi mal!
- Nou ankouraje paran/gadyen pou kenbe pitit yo lakay lè yo maladi.

Ki fason mwen ka pwoteje pitit mwen?

- Daprè CDC, lave men byen avèk savon e dlo se youn nan pi bon fason pou fè prevansyon kont maladi.
- Demontre fason ki kòrèk pou lave men nan 20 segonn. Fè pitit ou vizite <https://www.cdc.gov/handwashing/index.html> pou gade yon videyo sou fason ki kòrèk pou lave men byen.
- Demontre pou pitit ou kòman pou yo kouvri nen ak bouch yo avèk yon sèvyèt papye lè yo ap touse oubyen ekstènye. Yo ta dwe jete sèvyèt papye a aprè yo fin sèvi ak li e lave men yo. Si pa gen sèvyèt papye, YO PA TA DWE ITILIZE MEN YO. Yo ta dwe kouvri bouch ak nen yo avèk manch rad yo.
- Timoun ta dwe evite manyen zye yo, nen yo, oubyen bouch yo. Mikwòb ka gaye nan fason sa a.
- Si posib, evite rete kote moun ki maladi.
- Netwaye ak dezenfekte sifas oubyen objè moun manyen souvan.

Kisa ou ta dwe konnen:

Sentòm sa yo gen ladan yo maladi respiratwa ki mwen grav rive nan maladi respiratwa ki trè grav:

- Fyèv
- Tous
- Difilite pou respire

Genyen sentòm sa yo sèlman pa vle di yon moun genyen viris la. Sentòm yo ka parèt nan sèlman de (2) jou rive nan 14 jou aprè yon moun fin ekspozè a maladi a. Daprè CDC a, pi gwo risk enfeksyon an se pou moun ki wwayaje ale nan Wuhan peyi Lachin.

Sentòm sa yo sanble ak sentòm "flu" (gwo grip) e kounye a pa genyen tretman espesifik pou 'COVID-19'. Sepandan, mezi prevantif pou 'COVID-19' yo menm jan ak lòt mezi moun pran pou viris respiratwa tankou flu a.

